

**PANGANJARAN NCONSTRUKSI PARMASALAHAN DINA DEBAT
NGAGUNAKEUN MÉTODE OPEN ENDED PROBLEMS
KA SISWA KELAS X SMA PASUNDAN 4 BANDUNG
TAUN PANGAJARAN 2016/2017**

**ku
SINTA SITI NURBAYANTI
NIM 135030144**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dumasar kana kurangna kaparigelan nulis utamana dina ngonstruksi parmasalahan debat. Tujuan panalungtikan ieu nyaéta pikeun nguji kaépéktipan métode open ended problems. Métode open ended problems mangrupikeun cara pikeun ngarangsang diskusi anu aktif jeung kreatif. Patali jeung katerangan anu diluhur, pangarang miboga maksud nalungtik Panganjaraan Ngonstruksi Parmasalahan dina Debat Ngaguna-keun Métode Open Ended Problems ka Siswa Kelas X SMA Pasundan 4 Bandung taun pangajaran 2016/2017. Rumusan masalah anu pangarang ajuken nyaéta: 1) Mampuh henteu pangarang dina ngarancang, ngalaksanakeun tur méré ajén pangajaran ngonstruksi parmasalahan dina debat ngagunakeun métode open ended problems ka siswa kelas X SMA Pasundan 4 Bandung?; 2) Mampuh henteu peserta didik nuturkeun kana pangajaran ngonstruksi parmasalahan dina debat kalayan tepat?; jeung 3) Naha épéktip métode open ended problems téh diguna-keun dina pangajaran ngonstruksi parmasalahan dina debat? Métode panalung-tikan anu ku pangarang gunakeun nyaéta métode pre experimental design tipe one gruf pretest posstest kalawan ngagunakeun teknik panalungtikan talaah studi pustaka, observasi, wawancara, uji coba, tes, jeung analisis. Kacindekan nana nyaéta saperti kie. 1) Pangarang mampuh ngarancang, ngalaksanakeun tur méré ajén pangajaran ngonstruksi parmasalahan dina debat ngagunakeun métode open ended problems ka siswa kelas X SMA Pasundan 4 Bandung. Hasil nilai parancangan nana sagede 3,7 jeung palaksanaan pangajaran nana sagede 3,64. 2) Peserta didik mampuh ngonstruksi parmasalahan dina debat kalayan tepat. Hal ieu tiasa dibuktikeun tina nilai rata-rata pretes sagede 45,16 jeung nilai rata-rata postes sagede 94,16, sedengkeun selisih pretes jeung postes nyaéta sagede 49. 3) Métode open ended problems épéktip digunakeun dina pangajaran ngonstruksi parmasalahan dina debat. Hal ieu dibuktikeun tina hasil perhitungan statistik kalayan hasilna nunjukeun $t_{hitung} > t_{tabel}$, nyaéta $19,44 > 2,82$ tina tingkat kapercayaan 95% tina darajat kabébasan 29. Hal ieu ngabuktikeun yén métode open ended problems bisa digunakeun din apangajaran ngonstruksi parmasalahan dina debat.

Kecap Konci: pangajaran, ngonstruksi, parmasalahan, debat, jeung open ended problems.